# Pfupiso:
# Sangano reForever Associates Zimbabwe

**Chivabvu 2024**

Sangano reForever Associates Zimbabwe (FAZ), iro rakavapo nechinangwa chekubatsira ZANU-PF kuti ikunde musarudzo dza2023, rakaumbwa neshamwari uye nhengo dzemhuri yaAsher Walter Tapfumaneyi, uyo anowa mutevedzeri wadhayirekita wechikamu chemapurisa anoita zvekuferefeta cheCentral Intelligence Organization (CIO).

Mabasa eFAZ— ayo anosanganisira nhimbe huru yekukokorodza vanhu kuti vanovhota—anogona kunge akabatsira bato riri kutonga kuti rikunde musarudzo. Vaongorori, avo vanosanganisira vaongorori vemaitirwo esarudzo vesangano reSouthern African Development Community (SADC), vakazivisa kuti FAZ yaiwanika panzvimbo dzekuvhotera dzinosvika zviuru nezviuru, zvichitiwo kudyidzana kwesangano iri nebato reZANU-PF uye nevari muchikamu chinoona nezvekuchengetedzwa kwenyika kunogona kunge kwakaita kuti vavhoti vekumaruva vanzwe vatyisidzirwa.[1, 2, 3]

Tapfumaneyi nesangano reFAZ vese vanopokana nepfungwa iyi yekuti veCIO ndivo vanotungamirira sangano iri.[4, 5] Zvisinei, zviri kuitwa nesangano iri pakubatsira FAZ zvinobatsira pakusimbisira mashoko ari kubuda munhau dzemuZimbabwe ekudyidzana kuripo pakati pemukuru wechikamu chekuferefeta ichi nesangano iri. Mumwe akapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa musangano iri ishamwari yemhuri uyo akapa kero yepaanogara ya-

kafanana neyenhengo yemhuri yaTapfumanei.[6] Wechipiri wacho mumwe munhu ane zita risina kujairika achiita semushandi wehurumende anobatsira mumwe wevatevedzeri vaviri vemadhayirekita eCIO—chinova chinzvimbo chebasa chaTapfumaneyi—zvichimutsa mubvunzo kana asingori munhu mumwe cheteyo.[7, 8, 9, 10, 11] Mwanakomana waTapfumaneyi ndiye akanyoreswa seakavamba sangano reFAZ pawebhusaiti yesangano iri, ukuwo mukadzi waTapfumaneyi ndiyewo ari kunzi ari kutungamirira rimwewo bazu remunzvimbo reFAZ.[12, 13]

## Vakapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa muFAZ uye madhayirekita nevane masheya muFAZ

| Vakapiwa Masimba Ekuona Mafambisirwo Ebasa muFAZ Vekutanga-tanga (Pachibvumirano cha2010) | Vakapiwa Masimba Ekuona Mafambisirwo Ebasa muFAZ Varipo Izvezvi (PaChibvumirano Chakachinjwa muna2022) | Vane Masheya uye Madhayirekita eForever Associates Zimbabwe Pvt Ltd (2022) |
|---|---|---|
| Kudakwashe Munsaka | Kudakwashe Munsaka | Kudakwashe Munsaka (20%) |
| Tangisai Tapera | Tangisai Tapera | |
| Kudzaiishe Mangidza | Brenda Nyika | Brenda Nyika (60%) |
| Fungai Jonga | Jesca Sheila Saruchera | Jesca Sheila Saruchera (20%) |
| Gillian Shambare | Nicksha Chipfakacha | |
| Trinity Ncube | Sharon Chiwara | |
| Farai Mutamangira | Lawrence Mhlaba | |
| Winifilda Chirango | | |

Mumwe akapihwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa musangano iri ndiTangisai Tapera, uyo aiva wechipiri kuna Tapfumaneyi

pabasa panguva yaaiva gurukota renyika panhau dzine chokuita nemutungamiriri wenyika reMinistry of State for Presidential Affairs (MSPA), rinova bazi diki rakaumbwa mumakore a2009 kusvika ku2013 nechinangwa chekutsigira Mugabe uyo aiva Mutungamiri weNyika panguva yehurumende yemubatanidzwa.[14, 15 16, 17, 18, 19, 20, 21]

Mukuwirirana nemashoko akataurwa nemumwe ari muchikamu chekuchengetedzwa kwenyika, bazu reMSPA rakaumbwa nechinangwa chekuita mabasa akasiyana-siyana nenzira isinga-onekwi nevanoda kuonesesa.[22] Somuenzaniso, zvichitevera nhau ine chokuita nengoda iyo yakatekeshera nechekumabvazuva kwenyika yeZimbabwe makore ekuma 2000 ava kunopera, Tap-fumaneyi, Tapera, negweta rinonzi Gerald Mlotshwa vakaumba makambani ,maviri anoti—Moosejaw Enterprises uye Rosy Red Capital.[23, 24, 25, 26] Pava paya, Tapfumaneyi, Mlotshwa, naTapera vakaumbazve mamwe makambani maviri sechikamu chekuteng-eserana mafuta pakati pebazu reMSPA nenyika yeIran anoti: Lion-show Trading muZimbabwe uye yeLionshow Resources muUnited Arab Emirates.[27, 28, 29]

Paakabvunzwa zvine chokuita nebasa rake kusangano reFAZ kana kuti ari kuMSPA, Tapera akati aisava nerusununguko rwekuku-rukura chero mashoko.[30] Mlotshwa akatsanangura kuti aingopa mazano pane zvemutemo uye aisashandidzana pane zvebhizimi-si naTapfumaneyi, uye akati pamutemo aisungirwa kusakurukura zvakawanda nezvazvo.

FAZ yakabvuma kuti sangano iri rakatanga kuumbwa nerutsigiro rweMSPA asi yakazoti sangano iri rakazosimbaradzwa nevazvipiri avo vaiva nechido chekutsvagira rutsigiro musarudzo bato reZA-NU-PF. Tapfumaneyi nesangano reFAZ vakaramba pfungwa yekuti veCIO vakabatsira pakuumba sangano iri rinoshandidzana nebato


reZANU-PF. Sangano reFAZ rakaramba kudoma vanoritsigira nemari, richipa mashoko ekuti rinopiwa mari “nevazvipiri avo vasingadi kuzivikanwa.”[31]

Kachiratidzo kadiki kanopa pfungwa yekubatanidzwa kwevari muchikamu cheCIO kari pamashoko anogona kuwanikwa neveruzhinji ekuti: Nhamba dzinonyanya kushandiswa nesangano reFAZ dzaimboshandiswa nemumwe wevaiva pazvidanho zviri pakati nepakati zvemapurisa ari muchikamu cheCIO, mukuwirirana neongororo yemazita akasevhiwa mumaapu efoni anochengeta mazita nenhamba dzefoni dzevanoashandisa.[32, 33] Mukuwedzera, kuvapo kwevazhinji vanokurukura parunhare naTapfumaneyi avo vakapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa musangano iri kana kuti vakarivamba kunoratidza kubatana kuripo, kana kusiri kuti pakati pechikamu cheCIO nesangano reFAZ, zvinenge zvichigona kureva kudyidzana kuripo pakati paTapfumaneyi nesangano reFAZ.

Mashoko akawanda pamusoro pekudyidzana kuripo pakati peMSPA, FAZ, naTapfumaneyi anowanika mumutauro weChirungu pawebhusaiti yedu inoti: www.thesentry.org.

## Kudyidzana Kuripo Pakati paAsher Walter Tapfumaneyi nesangano reFAZ

Kunyange zvazvo Tapfumaneyi achiramba kuti pane kudyidzana kuripo neFAZ, vazhinji vevakatanga nevakapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa mubhizinisi iri vanodyidzana nemutevedzeri waDirector General wema-CIO.



## Endnotes


1 Southern African Development Community Electoral Observer Mission, "Mashoko akaturwa pamusoro peSarudzo Dzemutungamiriri Wenyika Nenhengo Dzeparamende wakaitwa mugore ra2023 munyika yeZimbabwe," September 25, 2023, p. 23, inowanika pa: https://www.veritaszim.net/sites/veritas_d/files/ZIM%20SEOM%20FINAL%20REPORT%20SUBMISSION.pdf

2 European Union Election Observer Mission, "Zimbabwe 2023 Final Report," November 17, 2023, pp. 5, 18, 34, inowanika pa: https://www.eeas.europa.eu/sites/default/files/documents/2023/EU%20EOM%20ZWE%202023%20FR.pdf

3 CIO400 - Research and Advocacy Unit, Counselling Services Unit, Zimbabwe Human Rights NGO Forum, Veritas, uye Heal Zimbabwe, "Ripoti Yakabatanidzwa ine mashoko eHurongwa hweMhirizhonga Nekurohwa Kwevanhu Kwakaitwa Sarudzo Dza2023 Dzisati Dzaitwa uye Dzaitwa muZimbabwe," November 2023, inowanika pa: https://researchandadvocacyunit.org/report/a-consolidated-report-on-pre-and-post-organised-violence-and-torture-during-the-2023-harmonised-elections-in-zimbabwe

4 Mhinduro yakapiwa nesangano reForever Associates Zimbabwe kusangano reThe Sentry, mumwedzi waJune 24, 2023.

5 Joseph Cotterill naKudzanai Musengi, "Sangano Rakazvimirira Rega Risinganzwisisiki Riri Kupomerwa Mhosva Yekuvhiringidza Maitirwo Esarudzo muZimbabwe," Financial Times, August 16, 2023, inowanika pa: https://www.ft.com/content/b66cae06-a0da-4dbf-ae69-d91a40e69c89

6 Mazita evakapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa mukambani pamwe nezita remwanasikana arambirwa navo. Ona:

Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Notarial Deed of Trust, February 9, 2010, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Deed of Name Change, November 4, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

7 Chibvumirano chekutanga chebasa cheFAZ trust deed (chakaitwa mugore ra2010) chine mundandanda uyu wemazita evakapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa: Kudakwashe Munsaka, Winifilda Chirango, Kudzaiishe Mangidza, Fungai Jonga, Gillian Shambare, Trinity Ncube, Farai Mutamangira, uye Tangisai Tapera. Mugore ra2022, pane chibvumirano chairatidza zvachinjwa, uye Winifilda Chirango, Kudzaiishe Mangidza, Fungai Jonga, Gillian Shambare, Trinity Ncube, naFarai Mutamangira vakasiya basa iri rekuona mafambisirwo ebasa muFAZ. Brenda Nyika, Jesca Sheila Saruchera, Nicksha Chipfakacha, Sharon Chiwara, uye Lawrence Mhlaba

vakava nhengo itsva dzakagadzwa mugore ra2022 kuti dzione mafambisirwo ebasa. Kureva kuti, nhengo dzaiona mafambisirwo ebasa mugore rakaitwa sarudzo ra2023 dzaiva Kudakwashe Munsaka, Tangisai Tapera, Brenda Nyika, Jesca Sheila Saruchera, Nicksha Chipfakacha, Sharon Chiwara, uye Lawrence Mhlaba. Mukuwedzera, kambani yakanyorerswa sesangano iyi, yeForever Associates Zimbabwe Pvt Ltd, yaiva nevanhu vatatu vane masheya mairi payakavambwa mugore ra2022 vanoti: Brenda Nyika (60%), Jesca Sheila Saruchera (20%), and Kudakwashe Mvula Munsaka (20%). Ava vatatu ndivozve vaiva madhayirekita ekambani iyi, ukuwo Brenda Nyika ndiye aiva munyori mukambani iyi. Ona:

Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Notarial Deed of Trust, February 9, 2010, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

Zimbabwe Registrar of Companies, "Forever Associates Zimbabwe," June 2, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

8 Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Notarial Deed of Trust, February 9, 2010, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

9 Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Deed of Name Change, November 4, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

10 Zimbabwe Registrar of Companies, "Forever Associates Zimbabwe (Private) Limited," June 2, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

11 A Lawrence Mhlaba akadomwa ndokupiwa basa rekuva mubatsiri wemutevedzeri wadhayirekita muchikamu chenyaya dzemutungamiri wenyika pakaitwa musangano weUN. Mukuwedzera, mumwe munhu ane zita rakafanana akafamba ari muboka raiperekedza Mugabe. Ona:

United Nations Framework Convention on Climate Change, "Provisional List of Registered Participants," November 2021, p. 843, inowanika pa: https://unfccc.int/sites/default/files/resource/PLOP_COP26.pdf

United States Department of State, "61st UN General Assembly: High Level Attendance and Requests for Meetings," July 31, 2006, inowanika pa: https://wikileaks.org/plusd/cables/06HARARE963_a.html

12 Webhusaiti yeThe Forever Associates Zimbabwe ine mundandanda wevanhu vanotevera: Dr. Bongani Ngwenya, CEO/Muvambi; Kudakwashe Mavula Munsaka, Sachigaro; Gillian Shambare, Muvambi; Kudzaiishe Mangidza, Muvambi; Fungai Jonga, Muvambi; Samson Mangozhe, Muvambi; Trinity Mashava, Muvambi; Valentine Fidel Tapfumaneyi, Muvambi; Brighton Mubaiwa, Muvambi; Ruvimbo Tambara, Muvambi; uye Trinity Mashava,

Muvambi. Ona:

Forever Associates Zimbabwe, "About Us," inowanika pa: https://web.archive.org/web/20230627041330/https://faztrust.com/about/

13 Mashoko akabuditswa neThe Herald, "Zanu PF Rescues 5 Families After Huts Destroyed," September 19, 2022, anowanika pa: https://web.archive.org/web/20240110104536/https://www.herald.co.zw/zanu-pf-rescues-5-families-after-huts-destroyed/

14 Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Notarial Deed of Trust, February 9, 2010, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

15 Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Deed of Name Change, November 4, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

16 Chibvumirano chekutanga chebasa cheFAZ trust deed (chakaitwa mugore ra2010) chine mundandanda uyu wemazita evakapiwa masimba ekuona mafambisirwo ebasa: Kudakwashe Munsaka, Winifilda Chirango, Kudzaiishe Mangidza, Fungai Jonga, Gillian Shambare, Trinity Ncube, Farai Mutamangira, uye Tangisai Tapera. Mugore ra2022, pane chibvumirano chairatidza zvachinjwa, uye Winifilda Chirango, Kudzaiishe Mangidza, Fungai Jonga, Gillian Shambare, Trinity Ncube, naFarai Mutamangira vakasiya basa iri rekuona mafambisirwo ebasa muFAZ. Brenda Nyika, Jesca Sheila Saruchera, Nicksha Chipfakacha, Sharon Chiwara, uye Lawrence Mhlaba vakava nhengo itsva dzakagadzwa mugore ra2022 kuti dzione mafambisirwo ebasa. Kureva kuti, nhengo dzaiona mafambisirwo ebasa mugore rakaitwa sarudzo ra2023 dzaiva Kudakwashe Munsaka, Tangisai Tapera, Brenda Nyika, Jesca Sheila Saruchera, Nicksha Chipfakacha, Sharon Chiwara, uye Lawrence Mhlaba. Mukuwedzera, kambani yakanyorerswa sesangano iyi, yeForever Associates Zimbabwe Pvt Ltd, yaiva nevanhu vatatu vane masheya mairi payakavambwa mugore ra2022 vanoti: Brenda Nyika (60%), Jesca Sheila Saruchera (20%), and Kudakwashe Mvula Munsaka (20%). Ava vatatu ndivozve vaiva madhayirekita ekambani iyi, ukuwo Brenda Nyika ndiye aiva munyori mukambani iyi. Ona:

Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Notarial Deed of Trust, February 9, 2010, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Deed of Name Change, November 4, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

17 Zimbabwe Registrar of Companies, "Forever Associates Zimbabwe (Private) Limited," June 2, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

18 Kuti uone mundandanda wemazita "evavambi vayo" une zita raValentine Fidel Tapfumaneyi, ona:

Forever Associates Zimbabwe, "About Us," inowanika pa: https://web.archive.org/web/20230627041330/https://faztrust.com/about/

19 Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Notarial Deed of Trust, February 9, 2010, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

20 Zimbabwe Registrar of Companies, Forever Associates Zimbabwe Deed of Name Change, November 4, 2022, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

21 A Lawrence Mhlaba akadomwa ndokupiwa basa rekuva mubatsiri wemutevedzeri wadhayirekita muchikamu chenyaya dzemutungamiri wenyika pakaitwa musangano weUN. Mukuwedzera, mumwe munhu ane zita rakafanana akafamba ari muboka raiperekedza Mugabe. Ona:

United Nations Framework Convention on Climate Change, "Provisional List of Registered Participants," November 2021, p. 843, inowanika pa: https://unfccc.int/sites/default/files/resource/PLOP_COP26.pdf

United States Department of State, "61st UN General Assembly: High Level Attendance and Requests for Meetings," July 31, 2006, inowanika pa: https://wikileaks.org/plusd/cables/06HARARE963_a.html

22 Hurukuro yakaitwa nesangano reThe Sentry nemumwe munhu asina kuda kuzivikanwa, mugore ra2023.

23 Zimbabwe Registrar of Companies, "Moosejaw Enterprises (Private) Limited," May 11, 2000, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2024.

24 Zimbabwe Registrar of Companies, "Rosy Red Capital (Pvt) Limited," November 4, 2011, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2024.

25 United States Department of State, "Military Expansion Fuels Diamond Chaos in Chiadzwa," January 9, 2009, inowanika pa: https://wikileaks.org/plusd/cables/09HARARE24_a.html

26 Hurukuro yakaitwa nesangano reThe Sentry nemumwe munhu asina kuda kuzivikanwa, mugore ra2023.

27 Ras al Khaimah Investment Authority, Lionshow Resources Limited incumbency certificate, December 21, 2011.

28 Zimbabwe Registrar of Companies, "Lionshow Trading (Private) Limited," February 29, 2008, yakaongororwa nesangano reThe Sentry mugore ra2023.

29 Hurukuro yakaitwa nesangano reThe Sentry nemumwe munhu asina kuda kuzivikanwa, mugore ra2023.

30 Hurukuro yeparunhare yakaitea nesangano reThe Sentry naTangisai Tapera, musi wa6 March, 2024.

31 Mhinduro yakapiwa nesangano reForever Associates Zimbabwe kusangano reThe Sentry, musi wa24 June, 2023.

32 Forever Associates Zimbabwe, "About Us," inowanika pa: https://web.archive.org/web/20230627041330/https://faztrust.com/about/ (yakapedzisira kuonekwa munaJanuary 2024).

33 Kuongororwa kwemanhamba erunhare evanodyidzana nesangano reForever Associates Zimbabwe kwakaitwa nesangano reThe Sentry richishandisa CallApp, Numbuster, CallerID, uye PIPL, munaJanuary wegore ra2024.